

Chè fanmi,

Mwen vle pwofite opòtinite sa a pou reyafime sipò nou pou elèv nou yo ki idantifye tèt yo kòm LGBTQ+. Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, nou pran angajman pou kenbe yon anviwonman ki an sekirite epi ki bay sipò pou tout elèv—yon anviwònman ki pa gen diskriminasyon, arasman, entimidasyon ni bullying. Jan mwen te pataje sa avèk plis pase 1000 elèv ak anplwaye ki te patisipe nan setyèm Somè anyèl Gender and Sexuality Alliance (GSA) nou an, nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, nou wè ou, nou sipòte ou, epi nou ba ou valè.

Règleman nou yo rete an vigè, epi an reyalite, nou te ranfòse yo nan ane ki sot pase yo, pa ezanp, nou te mete règleman nou yo sou enklizyon sèks ajou. Ou ka al gade règleman sa yo, ansanm avèk lòt sipò pou LGBTQ+ nan schools.nyc.gov/LGBTQ ak nan schools.nyc.gov/GenderGuidelines.

Mwen fyè dèske nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, nou gen kourikoulòm, resous ak pwogram solid pou sipòte elèv ki idantifye tèt yo kòm LGBTQ+ epi pou ogmante reprezantasyon ak enklizivite nan lekòl nou yo. Sa gen ladan klib elèv GSA nou yo ak seri kourikoulòm Hidden Voices nou an, ki mete aksan sou moun LGBTQ+ ki fè yon enpak sou vil nou an, peyi nou an, ak mond nou an. Anplis, ant klinik sante mantal ki nan lekòl nou yo, patenarya nou avèk òganizasyon kominotè, ak konseye lekòl ak travayè sosyal nou yo, chak elèv gen aksè nan sipò sante mantal. Mwen ankouraje w pou ale sou pajwèb Lekòl Leta Vil Nouyòk la (schools.nyc.gov) pou jwenn plis enfòmasyon, epi tanpri, kontakte LGBTQ@schools.nyc.gov si w gen kesyon.

Youn nan angajman mwen antan Chanselye se pou asire sekirite ak byennèt elèv nou yo ak kominote lekòl yo—espesyalman, sekirite fizik ak emosyonèl chak timoun. Nou remèsye w dèske w ede nou kenbe anviwònman ki an sekirite ak enklizif nan lekòl nou yo.

Nan kolaborasyon,



Melissa Aviles-Ramos
Chanselye